

**Ikinyamakuru
ca Ekleziya
Gatolika
Umwaka wa 72
Gisohoka kabiri mu
kwezi
Ikiguzi : 500FBu**

Email:ndongozi.journal1939@gmail.com

Facebook :Journal ndongozi
y'uburundi

NDONGOZI Y'UBURUNDI

Adresse : Candikirwa, kigasohorerwa muri Ndongozi y'Ubundu.
Avenue de la mission n° 06

B.P 690 Bujumbura. Tél.: 222762. WhatsApp 71532337 N°838 01 Rusama 2025



«Jewe ndi wa mwungere mwiza »
In 10, 11a

Papa Fransisko yararengutse i Bukama.

Ku wa 21 Ndamukiza 2025, Imana yarakiriye mu bwa-mi bwayo Papa Fransisko. Umwungere w'Ekleziya agira 266 mu basubirizi ba Petero mwe-randa.

Yari yatorewe iryo bangaku wa 13 Ntwarante 2013. Mu myaka 12 yari amaze ari hagati y'intama ziwe, yaranzwe n'u-kwegera intama ziwe cane cane aboro, inyambukira hamwe no gu-semerera ngo ibihugu biri mu ntambara bironke amahoro. No mu minsi yiwe ya nyuma ijwi ritagishobora

gusohoka neza, yarasemere-ye asaba ibihugu biri mu ntambara guhagarika indwano.

Papa Fransisko ni nde?

Kuva akiri umwana gushika abe umusaseredoti.

Papa Fransisko yavukiye mu muryango w'a-bakristu muri Amerika yamaja epfo mu gisagara ca Buenos Aires muri Argentine ku wa 17 Kigarama 1936, abatizwa ku wa 25 Kigarama 1936 kw'izina rya Jorge Mario Bergoglio.



Soma ku Rup. 3

Rutana : «Ikininahaza Dawe n'uko mwokwama vyinshi» Yohani 15,8a



Hari ku wa gatandatu, igenekezero rya 12 ndamukiza 2025, aho Musenyeri Léonids Nitereka yatirwa mw'ibanga ry'Ubwepiskopi ngo ayobore diyoseze ya Rutana.

Inkuka y'imisa yatiriwemwo yari irongowe na Nyenicubahiro Muse-nyeri Dieudonné Datonou, Intumwa ya Papa mu Burundi.

Yari ahagatiwe n'abungere b'amadiyoseze yose y'Ubundu, abungere baje bava mu bihugu bibanyi vy'Urwanda na Tanzaniya, abasaserdoti isinzi, abi-hebeyimana, abakristu balayiki,

Soma ku Rup. 4

Ibirimwo

o Tumenye ivyo twemera, tubigendere kandi bidukomereze ukwemera....4

o Uruhara rw'umukristu w'umukatolika mu buzima bwa politike no mu bihe vy'amatora.....8

o Ikibano gifise uruhara uruhe mu gufasha abantu bihereza ibiyayuramutwe.....9

o Uburenganzira bw'umuryango bwo gukingirwa.....10

Idominika ya 3 Pasika: Umwaka C

Igisomwa ca mbere: *Ibik. Vy'abat.: 5,27b-32.
40b-41*

Ivyo dusoma mu gitabu c'Ibikorwa vy'Abatumwa:

«*Abatumwa bahamwa i Yeruzalemw*»

Muri irya misi, abatumwa bajanywe imbere y'inama nkuru, hanyuma umuherezankuka mukuru arababaza ati: «Ntitwari twabihanikirije dushimitse ngo ntihagire ico mwigisha cerekeye iryo zina? None ehe Yeruzalemu mwayujujemwo inyigisho yanyu, kandi mufise umugambi w'ukuturemeka amaraso y'uwo muntu.»

Petero n'abandi batumwa barishura bati: «Tubwirizwa kugamburukira Imana kuruta abantu. Umukama Imana ya ba sokuru bacu yarazuye Yezu mwari mwishe mumubamvye ku giti. Imana yamushize i buryo bwayo nk'Umukama n'Umukiza, kugira ngo atume Israyeli yigaya kandi ironke ikigongwe c'ibicumuro. Aha twebwe turi ivyabona vy'ivyo bintu twe na Mutima Mweranda Imana irungikira abayigamburukira bose.»

Baraheza rero barakubita abatumwa, bongera barabihanikiriza ngo ntihagire ico baba bakivuga cerekeye izina rya Yezu, hanyuma barabarekura. Na bo bava imbere y'inama nkuru y'igihugu bajana urweze kuko bari batewe iteka ry'uguhorwa iryo zina.

Igisomwa ca kabiri: *Ivyahishuriwe Yohani:
5,11-14*

Ivyo dusoma mu gitabu c'Ivyahishuriwe Yohani:

«*Urakaninahazwa Umwagazi wadupfiriye*»

Jewe Yohani, narabonekewe numva ijwi ry'abamarayika benshi bakikije ya Ntebe, vya Bizima na ba Batama. Igitigiri cabo cari isinzi nk'isinzi, ibi-humbi n'ibihumbi, bavuga n'ijwi rirenga bati: «Wa Mwagazi wishwe urabereye kwakira Ububasha, ubutunzi, ubwenge, ubukomezi, icubahiro, ubuninahazwa n'ishimagizwa.» Kandi ibiremwva vyose vyo mw'ijuru, ivyo kw'isi, ivyo mu kuzimu, ivyo mu kiyaga n'ibirimwo vyose numva biriko biravuga biti: «Uwuvyagiye ku Ntebe n'Umwagazi, nibahabwe ishimagizwa, icubahiro, ubuninahazwa n'ububasha mu myaka n'imyaka.» Na vyo vya Bizima bine bira-vuga biti: «Amen!» Ba Batama na bo barapfukama barasenga.

Inkuru nziza: *Yohani 20, 1-14*

Ivyo dusoma mu Nkuru Nziza ya Yezu Kristu nk'uko yashikirijwe na Yohani:

«*Yezu abonekera abigishwa biwe ku kiyaga*»

Yezu asubira kwiyereka abigishwa biwe ku nkombé y'ikiyaga ca Tiberiyadi. Ng'uko uko vyangenze: Simoni Petero, Toma bita Didimo, Natanyeli w'i Kana mu Bugalile, bene Zebede n'abandi bigishwa babiri, bari kumwe. Simoni Petero ababwira ati: «Ngiye kuroba.» Bamubwira bati: «Natwe turajanye.» Baragenda rero burira mu bwato; ariko muri iryo joro nta co baronse.

Hakiri mu gaturuturu, Yezu aboneka ku nkcombe, yamara abigishwa ntibamenya ko ari we. Yezu ababwira ati: «Bana mwe, nta fi mufise?» Bamwishura bati: «Oyaye.» Ababwira rero ati: «Tere urusenga ku ruhande rw'i buryo bw'bwato, muraronka.» Bararuterera, bica birabankira kurukwega kubera ifi nyinshi! Wa mwigishwa Yezu yakunda, ni ko kubwira Petero ati: «Ni Umukama!»

Simoni Petero yumvise ko ari Umukama, aca arakenyera impuzu kuko yari gusa, araheza yisuka mu kiyaga. Abandi bigishwa bari hafi y'inkombe nk'imetero amajana abiri gusa, baza mu bwato, bakwega urusenga rwuzuye ifi. Bashitse imusozi, babona umuriro w'amakara n'ifi hejuru, n'umukate. Yezu ababwira ati: «Zana zimwe muri izo fi murovye.»

Simoni Petero asubira mu bwato akwegera imusozi rwa rusenga rwuzuye ifi nininini ijana na mirongo itanu na zitatu. Kandi n'aho zari nyishi gutyo, urusenga ntirwatabutse. Yezu ababwira ati: «Ingo mwikure ubucugu.»

Nta n'umwe mu bigishwa yubahutse kumubaza ati: «Uri nde?» Nkako bari bazi neza ko ari Umukama. Yezu aregera, yakira umukate, arawubagaburira, n'ifi gutyo nyene.

Ubwo bwari bubaye ubugira gatatu Yezu yime-nyesha abigishwa biwe, amaze kuzuka ava mu bapfuye.

«Nk'uko imvura n'urubura bimanuka biva mw'ijuru, maze ntibisubireyo bitavomeye isi, bityayirondoye kandi bitamejeje ibiterwa, bitahaye imbuto umubivy, n'imfungurwa uwurya, niko n'Ijambo rivuye mu kanwa kanje rimeze. Ntiringarukako ritagize akamaro, ritakoze ico nipfuza, ritaranguye ico mba naritumye, ritangarukako ritaranguye ico ryatumwe”

(Izaya 55,10-11).

Tuzirikane Ijambo ry'Imana

Bavukanyi, Umukama ati: «*Tera urusenga iburyo bw'ubwato muraronka!*».

Umukama ntiyigera a-yaga amasigaraciaro! Ijambo ryiwe rirarangura ico rivuga. Abatumwa bumbashe Ijambo ry'Umukama, baratereye urusenga kandi bararonse ifi nyishi cane, n'ahó ku vy'ukuri atari ikiringo c'ukuroba kuko bwari bwakeye.

Ivyo bitumye wa mwigisha Yezu yakunda amenya ko vy'ukuri ari Umukama yabagendeye. Ni ko kubwira Petero ati: «Ni Umukama!»

Bavukanyi, Yezu yiyeretse abatumwa ku ncuro igira gatatu, kuva aho amariye kwizura mu bapfuye, ngo aremeshe ukwemera kwabo nabo baheze babonereho kuremesha benewabo.

Ubwa mbere, mri iyo nkuru nziza, tubona Yezu aboneka ku nkcombe, ariko abigishwa ntibamenya ko ari we. Ntibamubona kubera imyitwarariko barimwo y'ukwironderera ubuzima, kubera na cane cane ko bari baraye barroba hanyuma ntibagira ico baronka, mu mitima yabo bibaza uko bagiye kubaho. Na twebwe, b-radushikira, Umukama akaza, agahagarara ku nkcombe y'ubuzima bvacu, ariko ntitumubone kubera turi mu myitwarariko y'aho twibaza two-kura ubuzima, ibikorwa bikadutwara umwanya, ntitwigere dukebuka ngo turabe Umakama we vyose bikomokako.

Ubwa kabiri, tumubona Yezua ahagaze ku nkombie y'ikiyaga, akaganira n'abatumwa, ati: "Bana mwe,Terera urusenga i buryo bw'ubwato muraronka."

Ijambo ryiwe ryatumye baronka ifi isinzi. Umuhanuzi Izaya ati: "Nk'uko imvura n'urubura bimanuka biva mw'ijuru, maze ntibisubireyo bittavomeye isi, bitayiron-doyekandi bitamejeje ibiterwa, bitahaye imbuto umubivy, n'imfungurwa uwurya, niko n'Ijambo rivuye mu kanwa kanje rimeze. Ntiringarukako ritagize akamaro, ritakoze ico nipfuza, ritaranguye ico mba naritumye ritan-garukako ritaranguye ico ryatumwe" (Izaya 55,10-11).

Ny'iyo imigisha n'imihe-zagiro turonka igehe cose twakirije yompi Ijambo ry'Imana, tukarigamburuka.

Ubwa gatatu, abatumwa bamaze kumenya n'ukubona ko ari Yezu ahagaze ku kombe, abayagira, akabategeka guterera urusenga, bakagamburuka, yaciye we nyene abategurira

inzima. "Bashitse i mu-sozi, babona umuriro w'amakara uriko ifi, be n'umukate.... Yezu ababwira ati: "Ingo mwikure ubucugu."

Abo batumwa rero bahamagariwe gushingira intahe ico babonye. Kristu muzima yatsinze urupfu akizura mu bapfuye. Yarabiyeretse none bagiye gushingira intahe ico biboneye n'amaso yabo kandi intahe yabo ni iy'ukuri. Ni co gituma ata muntu n'umwe ashobora kubabuza gushinga intahe n'ukwigisha ivy'izuka rya Yezu.

Bakunzi b'Imana, aha rero umwe wese yokwibaza ikibazo: None jewe, uyu musi, ubwo ndagamburuka ijambo rivuzwe n'Umukama kuruta irivuzwe n'abantu, n'abarya nyene bamfiseko ububasha?

Patiri Noël Ntirandekura

Papa Fransisko yararengutse i Bukama.

(*Bitangurira ku rup.1*)

Igice ca mbere c'amashule yisimbuye yacize kw'ishule ry'Abasaleziyano mu gisagara ca Ramos Mejia.

Igice ca kabiri c'amashule yisumbuye yacize kw'ishule ry'ivyirwa bijanye n'amahinguriro aho yaronkeye urupapuro rw'ubushakashatsi «Chimie».

Ku wa 11 Ntwarante 1958, Jorge Mario Bergoglio yinjiye muri Novisiya mu muryango w'Abagendanyi ba Kristu «Les pères Jésuite».

Ivyirwa vyo kumuteguirira ibanga ry'ubusaseredoty yabitanguriye muri Chili, mu 1963 agaruka i Buenos Aires ahiga ivyirwa vya Filozofiya. Ivyirwa vya Tewolojiya ya-vyigiye i San Miguel.

Ku wa 13 Kigarama 1969, Jorge Mario Bergoglio yatiwe mw'ibanga ry'ubusaseredoty na Musenyeri Ramon José Castellano.

Amaze kuba umusaseredoti.

Kuva mu mwaka 1971 gushika 1972, Jorge Mario Bergoglio yabandani-

je umwaka ugira gatatu mu vyirwa bitegekaniri-jwe aba Jesuite i Alcala muri Espagne.

Ku wa 31 Mukakaro 1973 yaronse ubutumwa bwo kuba umukuru w aba Jesuite muri Argentina.

Ku wa 20 Rusama 1992, Papa Yohani Pawuko wa II yamugenye kuba Musenyeri mukuru wa Diyoseze ya Buenos Aires.

Ku wa 21 Ruhuhuma 2001 amugena kuba Karadinal.

Ku wa 13 Ntwarante 2013, Jorge Mario Bergoglio, yatorewe kuba umusuberizi wa Petero Mweranda, kw'izina: Fransisko.

Ku wa 19 Ntwarante 2013 ashikirizwa ibimenyetso vy'umusuberizi wa Petero mweranda aba agize umu Papa agira 266.

Uwo munsi nyene arahereza inkuka y'imisa yo kumwinjiza muri ayo mabanga.

Umutima rworo wiwe.

Ukugaragaza umutima

Tumenye ivyo twemera, tubigendere, bidukomeze mu kwemera kwacu.

Intangamarara.

Bavukanyi, bakristu, na-ho ntari umwanditsi kandi simbe umwigisha canke umusiguzi canke umuhinga mu vy'Imana canke mu vyerekeye I-nyandiko Nyeranda, mun-kundire dusabikanye iyi nyigisho, nibaza ka yomu-rikira abakristu batari bake, bakaronka umuco mu vy'ukwemera.

Mu gutegura iyi nyigisho, nifashishije Ivyanditswe Vyeranda, inyigisho z'Ekleziya, nashatse gusa kwishura abantu hashobora kuba harimwe n'abakristu batarakomera mu kwemera, abahora muri Ekleziya gatolika bakayitera akagere, ba-shobora kuyityoza mu mvugo zabo, abahana imigirwa canke inyigisho z'Ekleziya ba-

gahindukira kuyivuga nabi barondera gutyoza canke bakandika inyandiko zitunga agatoke Ekleziya Gato-liko n'ndongozi zayo – aba Papa, abepiskopi, abasaserdoti - bakabagiriza kuba bahinduye « ivyagizwe vy'Imana », ngo bahinduye :

- * Ubwa mbere ngo bahinduye Bibiliya nyeranda biyongereramwo ivyo bashaka,
- * Ubwa kabiri ngo bahinduye amabwirizwa n'umugenzo w'isabato,
- * Ubwa gatatu ngo basenga ibigirwamana/ ibishushanyo Imana yabujije, canke imizimu mu kuninahaza Aberanda na Bikira Mariya,
- * Ubwa kane ngo Ekleziya yashinzwe n'abantu: abapapa, n'abepiskopi,

ngo si Yezu yayishinze. Ari naho habaye inkomoko y'amadini menshi.

Ubwa gatanu abakatolika ngo iyo bambaye amashapule, baba bambaye ibiheko n'ibindi. Ngo nibo umuhero w'isi uzovako, n'ibindi n'ibindi. Birababaje cane.

Nsubiye gusaba imbabazi abazosoma iyi nyigisho, hanyuma ntibavyiyumvemwo, ni ibisanzwe ko dushobora kudahuza. Intumbero mfise ni iyo gufasha gutomokerwa ca-nke gutahura bimwe mu vyanditswe Vyeranda, ariko tudakunda kumenya, kuko tutabisoma.

Ni kandi intumbero yo guha umuco, mu vyo nshobora, abasoma Igitaro Ceranda ca Bibiliya kandi bakifuza ko ivyo basoma vyobaroresha

ku gusenga mu kuri ya Mana Imwe Rudende Itabangikanya ari Yo Se w'Umukama w'Ijuru n'Isi Yezu Kristu.

Gutyo ivyo basomye bibafashe gukomera mu kwemera.

Imbere yo kwinjira mwido n'ido ry'inyishu nibutse abantu ivya nkennerwa vyo kumenya ari vyo bikurikira: Bibiliya, Amabwirizwa, Ekleziya, amasakramantu, inkuka y'imisa. Ibi kumwe n'ibindi nivyo tugiye gu-sangira.

I. BIBILIYA

1. Bibiliya ni iki? Iki gitabu kirimwo iki ?

Bibiliya ni igitabu kirimwo ijambo ry'Imana rigenewe abantu bose.

Ijambo Bibiliya rivuye

Ibik. urup.6


Rutana : « Ikininahaza Dawe nuko mwokwama vyinshi » *Yohani 15,8a*

(Bitangurira ku rup.1)

abavyeyi, incuti n'abagenzi ba Musenyeri Léonidas Nitereka na bo nyene ntibari batanzwe.

Imbere yuko amwatira, mu nyigisho yiwe, intumwa ya Papa mu Burundi yasavye uwo agiye kwa-tirwa ko yoera akarore-ro kandi akaba umuyo-bozi mwiza w'ubusho aragijwe ka-ndi akabwe-rekeza kw'iterambere : iterambere ry'umuntu wese kandi ribushitse.

Ntiyibagiye no gushimi-ra uwo yari agiye gukorera mu ngata, Nyenicubahiro Muse-



nyeri Bonaventura Nahimana, Umwungere wa Diyoseze nkuru ya Gitega , yari a-sanzwe ahagarariye Papa muri Diyoseze ya Rutana, ku mwete n'ubwira vyamuranze muri ubwo butumwa.

Niko gusaba Musenyeri Leonidas Nitereka, agiye kurongora Diyoseze Rutana, ku mugwa mu ntege mu kubandanyiriza aho ikivi cari ki-geze.

Inyuma y'nyigisho, haku-rikiye umugirwa wo kwa-

tira Musenyeri Leonidas Nitereka, mu kumushikiriza ibimenyetso bitandukanye vy'Umwungere.

Musenyeri Leonidas Nitereka ati : « Ikininahaza Dawe nuko mwokwama vyinshi » Yohani 15,8a

Tububitse ko Musenyeri Leonidas Nitereka agize umwungere wa kabiri arongoye diyoseze ya Rutana, akurikiye Musenyeri Bonaventura yayiyo-boye kuva igishingwa hari muri 2009, gushika muri ruhuhuma 2022.

Patiri Noël Ntirandekura

Papa Fransisiko yararengutse i Bukama.

(Bitangurira ku rup. 3)

rworo vyamye mu buzima bwa Jorge Mario Bergoglio. Mu mwaka 1998, igihe bamugena kuba umwungere mukuru wa Diyoseze nkuru ya Buenos Aires, yashimye kuba mu nzu ibayabaye aho yobaye mu nzu nzi za nziza kandi yaraftiye abubasha. Agashima no kwitegurira ibifungurwa. Afashe urugendo yipakiza hamwe n'abandi.

Mu gihe yaronka ubu Karadinale, mu 2001, yarahakanaye abaza kumushigikira i Roma aca abasaba ko amahera yi ticket bari kuzako mu ndege yohabwa abakenne. Mu bitaro vyitiriwe Fransisco Muniz i Buenos Aires, yarogeje ibirenge vyabarwaye Sida 12 amenyesha ibimenyeshamakuru ko mukibano abarwaye n'aboro bama bibagiwe.

I Buenos Aires, Jorge Mario Bergoglio yarakunda kenshi kuja mu karatiye y'aboro kugira aremeshe abantu baho bugarijwe n'ingorane. Yariyegereza cane aboro. Akaba hafi y'abaseseredoti barangura ubutumwa mu ma Paruwase akenye. Yarashima kuja kuramutsa abo basaseredoti.

Kenshi ku misi yagatandatu no ku w'Imana, yakunda kuja kuramutsa ayo maparuwase akagumanab'Abasaseroti muriyo.

Uwo bari barataziriye akazina ngo «Patiri mukuru w'abakene, yahavuye yitwa Papa w'a-bakene.»

Igihe bamutoreye kuba



umusubirizi wa Petero mweranda, Jorge Mario Bergoglio ntiyatashe aho ategerezwa kuba mu modoka yiwe yatege-rezwa gutahamwo, ariko yashimye kwicarana n'abandi bakaradinale mu modoka imwe.

Uwo mutima ushima ubworo niwo yagaragara je mw'izina rya Fransisiko yatoye afatiye ku mutima rworo w'umweranda Fransisiko w'i Asize yaranzwe n'umutima rworo kandi yariyavukiye mu muryango utenze.

Ivyaranze ubutumwa bwiwe mw'ibanga ryo kuba umusubirizi wa Petero mweranda.

Papa Fransisiko, yabaye umu papa wa mbere w'umujezuwiti, umu Papa wa mbere ava muri Amerika y'Ubumanuko, umu Papa wa mbere atora izina rya Fransisiko, umu Papa wa mbere yatowe uwo yasubiriye akiriho.

Mu myaka 12 yamaze ari umusubirizi wa Petero mweranda, Papa Fransisiko yagize ingendo 47 ku migabane yose y'isi.

Urugendo rwa mbere yahuhereye muri Bresil ku 22-28 Mukakaro 2013, urwa nyuma rugira

urwa 47 arukorera mu gihugu c'Ubu faransa ku wa 15 Kigarama 2024.

Muri izo ngendo yaragaragaje ishaka ryo gutsimbataza ibiganiro hagati y'abemera Kristu, no hagati y'amadini nka Islamu aho yabaye uwa mbere mu basubirizi ba Petero agendera ibihugu vyo mu bigobe vy'Abarabu i Abou Dabi ku wa 3-5 Ruhuma 2019 bagaca bashira umukono ku rwandiko rw'umuvukanano hamwe na Al-Azhar Ahmed el Tayeb.

Muri iyo myaka yanditse amakete ane « Encycliques » :

* « Lumen Fidei » yanditse ku wa 29 Mukakaro 2023 rivuga ibijanye n'ukwemera,

* « Laudato Si » yanditse ku wa 24 Rusama 2015 atera akamo ko kubungabunga isi yacu inzu rusangi.

* « Fratelli Tutti » ya-nditse ku wa 3 Gitugutu 2020 atumirira abantu kugendera umuvukano.

* Hamwe na « Dilexit Nos » yanditse ku wa 24 Gitugutu 2024 yerekana urukundo rw'umushaha wa Yesu Kristu.

Mu kugaragaza umutima wo kwegera abantu

batobato, Papa Fransisiko yashimye kuja kuba mu nzu isanzwe yitiriwe umweranda Marita.

Kuva abaye umusubirizi wa Petero Mweranda, yashimye kwama ahimbarizwa iminsi ya kane mweranda inyuma ya Vatikano.

Uko umwaka utashe, yagenda kuwuhimbariza mu mabohero, mu mare-nero y'abagendana ubumuga n'abanwa ibiyayuramutwe.

Agasaba abasaseredoti ko bokwama bari hafi y'abakristu babaha amasakramantu cane cane iry'ikigongwe.

Yamye agaragaza umutima wo kwizigira Imana. Agatumiririra abakristu kumusabira. Imbere yuko afata urugendo canke avuye mu rugendo yama afata umwanya wo kuja gusengera imbere yishusho ya Bikira Mariya iri mw'isengero nkuru yitiriwe Bikira Mariya ari nayo yasavye ko azoshingurwamwo.

Akagaragaza gurtyo urukundo n'ukwizigira ubukandizi bw'umuvyeyi w'Imana n'abantu.

Tubamenyeshe ko muri iyo myaka cumi n'ibiru Papa Fransisiko yaronse n'ibimuruuhisha, cane cane i-kiza ca Covid 19 hamwe n'intambara mu bihugu bitari bike vyo kw'isi.

Papa Fransisiko asigiye Ekleziya iragi ry'ubutvari bw'umwungere aguma hagati y'intama ziwe no mu bihe bigoye.

Tumenye ivyo twemera, tubigendere, bidukomeze mu kwemera kwacu.

(Bitangurira ku rup. 4)

mu rurimi rw'ikigreki, rigasigura ibitabu mu bwinshi. Kuva nko mu kinjana ca gatatu, inyuma ya Yezu Kristu, niho abanditsi b'abakristu nka Klementi w'i Alexandiya na Orijene, batangura guha iryo zina « Ibitabu Vyerranda vy'Abahebere-yi n'abakristu.

Mu nyuma, iryo jambo ryarashizwe mu rurimi rw'ikilatini, rirahava rivyara ijambo ry'urudende « Bibiliya », ni ukuvuga « Igitabu c'agakura ».

Yamara iryo jambo ntaho riri muri Bibiliya nyene. Amajambo akunda gukoresha kandi avugwamwo ni nka : Inzandiko nyeranda, Ubwuzure bwa Kera na Bushasha.

Akaba akoreshwa iyo umuntu ashaka kuvuga igitabu cose ca Bibliya. Muri Bibiliya Nyeranda niho abemera Kristu bose bavoma amajambo y'Ubuzima.

Bibliya rero si igitabu kimwe, ahubwo ni icegeranyo c'ibitabu vyinshi. Bibiliya Nyeranda, ni vyiza ko abantu bame nya ko atari zimwe kuko ibitabo bizigize atari bimwe, mbere n'ibice bimwe bimwe vy'ibitabo vyitwa ko biri muri zose, hari aho usanga bidasa. Hari Bibiliya y'Ikiyahudi ari na yo bita TaNaK (Version hébraïque de la Bible) igizwe n'ibitabo mirongo ibiri na bine (24 livres).

Hari Bibiliya y'Ikigreki ari na yo bita La Septante (Version grecque de la Bible) igizwe n'ibitabo mirongo itandatu na bitandatu (66 livres).

Hari Bibiliya y'Abakristu (Version chrétienne de la Bible) igizwe n'ibitabo mirongo indwi na bitatu (73 livres).

Abemera Kristu benshi bari mu Mashengero y'-A-baporotisanti (Eglises Protestantes) bakoresha iyo Bibiliya y'Ikigreki yari yagenewe Abayehudi bashwiragiye (Les juifs de la Diaspora).

Abandi Bakristu na cane cane abari muri Ekleziya Gatolika, bakoresha iyo Bibiliya igizwe n'ibitabo 73, n'ukuvuga 46 vyo mu Bwuzure bwa Kera (Isezerano rya Kera – Ancien Testament) na 27 vyo mu Bwuzure Bushasha (Isezerano Rishasha – Nouveau Testament).

Ubwa mbere :

Amategeko (La Loi, Torah) igizwe n'ibitabu bitanu vyitirirwa Musa ari vyo: Amamuko, Ihunguka, Bene Levi, Iharura n'Ukwibutsa amategeko.

Ubwa kabiri :

Abahanuzi (Nevi'im, Les Prophètes) bagabuwem-wo ibice bibiri. Abahanuzi ba mbere (Nevi'im Rishonim) ari bo: Yozuwe, Abacamanza, 1-2 Samuweli, 1-2 Abami.

Hamwe n'abahanuzi bo hanyuma (Nevi'im Aharonim) ari bo : Izaya, Yeremiya, Ezekiyeli ku-

mwe n'abahanuzi bato bato 12 (Ozeya, Yoweli, Amosi, Abudiyasi, Yonasi, Mishe, Nahumu, Habakuki, Sofoniya, Hagayi, Zakariya na Malakiya.

Ubwa gatatu :

Izindi Nzandiko (Les autres Ecrits, Ketubim) : Amazaburi, Yobi, Imigani, Ruti, Ururirimbo rw'agakura, Koheleti, Ugucura intimba kwa Yeremiya, Esitera, Daniyeli, Esidrasi, Nehemiyah, 1-2 Ukwibutsa ivyabaye.

Ivyo bitabu vyose uko ari 39 vyanditswe mu rurimi rw'igheberesi, kiretsse uduce tumwe tumwe twa-nditswe mu carabu.

Muri urwo rutonde, umusomyi katolika abona ko habuzemwo ibitabu vya – Yudita, Tobi (Tobito), Igitabu ca mbere c'Abamakabe « Abapfiriye Israyeli », Igitabu ca kabiri c'Abamakabe « Abapfiriye Israyeli », Igitabu c'Ubwitonzi, Igitabu ca Mwene Siraki, Igitabu c'Umuha-nuzi Baruki.

Kuva mu kinjana ca cumi na gatandatu (depuis le XVIème siècle), umuporotisanti wa mbere mu bemewe ari we Luther, yaciye ategeka abiwe ko mw'isezerano rya kera bokwemera gusa ibitabo abayehudi bemera.

Abo bayahudi nabo bakoresha Bibiliya y'Ikigreki bemera ko Isezerano rya

ker a rigizwe n'ibice bitatu ari vyo bise :

- Amategeko (La Loi, Torah).
- Abahanuzi (Les Prophètes).
- Izindi Nyandiko (Les autres Ecrits).

Muri ico bita « izindi Nyandiko » niho Abakristu barimwo abo muri Ekleziya Gatolika baha-huriza ko n'abo baporotisanti bisunga ibitabo vyemewe n'Abayahudi gusa.

Ibitabo indwi vyiswe « deutérocanoniques » ari vyo :

- Yudita
- Tobito
- Igitabu ca mbere c'abapfiriye Israyeli,
- Igitabu ca kabiri c'abapfiriye Israyeli,
- Igitabu c'Ubwitonzi,
- Igitabu ca Mwene Siraki,
- Igitabu c'Umuhanuzi Baruki.

Ni vyo bitabu Abayahudi batemeye ko bija mu nyandiko nyeranda bisunga mu Bwuzure bwa kera ari na co catumye Luther ategeka abiwe kutavyemera.

Amashengero menshi yisunga izo nyigisho ari nabo benshi bita mu gifaransa les Judéo-chrétiens canke Eglises Ju-déo-chrétiennes.

Biracaza

Patiri Noël Ntirandekura

Ibiharuro mfatakibanza vya rusansuma mu Burundi yabaye mu 2024 vyerekana ko:

BURUNDI		Igitigiri	Bose hamwe
	Abagabo	5 901 069	12 332 788
	Abagore	6 431 719	
Intara ya :	Abagabo	Abagore	2 052 261
1. Buhumuza	Amakomine	985 609	
	1. Butaganzwa	52 629	
	2. Butihinda	207 178	
	3. Cankuzo	78 438	
	4. Gisagara	139 923	
	5. Gisuru	162 122	
	6. Muyinga	237 315	
	7. Ruyigi	108 004	
		1 668 962	
		1 684 593	
2. Bujumbura	1. Bubanza	117 952	3 353 555
	2. Bukinanyana	130 834	
	3. Cibitoke	127 680	
	4. Isare	70 357	
	5. Mpanda	179 666	
	6. Mugere	250 294	
	7. Mugina	109 909	
	8. Muhuta	55 372	
	9. Mukaza	96 895	
	10. Ntahangwa	475 466	
	11. Rwibaga	54 537	
3. Burunga		1 016 854	2 118 551
	1. Bururi	90 393	
	2. Makamba	175 272	
	3. Matana	93 639	
	4. Musongati	161 159	
	5. Nyanza	179 952	
	6. Rumonge	206 626	
	7. Rutana	109 813	
4. Butanyerera		1 188 736	2 530 206
	1. Busoni	170 335	
	2. Kayanza	157 441	
	3. Kiremba	137 799	
	4. Kirundo	228 361	
	5. Matongo	121 775	
	5. Muhanga	99 775	
	6. Ngozi	151 651	
	7. Tangara	121 687	
5. Gitega		1 040 908	2 278 215
	1. Bugendana	102 918	
	2. Gishubi	101 610	
	3. Gitega	244 171	
	4. Karusi	177 778	
	5. Kiganda	68 276	
	6. Muramvya	79 435	
	7. Mwaro	70 429	
	8. Nyabihanga	78 711	
	9. Shombo	117 580	
	Abarundi bose	5 901 069	12 332 788
	Abagabo	Abagore	

Uruhara rw'umukristu w'umukatolika mu buzima bwa politike no mu bihe vy'amatora

0. Intangamarara

Kuja mu vya politike uri umukristu w'Umukatolika ni ikibazo gihambaye mu gihe ca none kubera ko hari benshi harimwo n'abakristu b'abakatolika babona ko kuja mu vya politike umenga ni uguhumana ni ukumenja, kumbure bivuye kukudatahura neza politike ico ari co, canke ko abanyapolitike badatanga akarorero keza mu kurangura amabanga igihugu cabashize, canke mbere bikava k'uku-tamenya ko bategerezwa guterera mu vya politike bamurikiwe n'umuco w'-Ijambo ry'Imana kugira basasagaze intwarz ru-sangi.

Ekleziya ibicishe mu nyigisho ngengamibano, iringitsa abakristu ko ukwemera kwabo badege-rezwa kukwigunga-na, kukwigumizamwo, «Ntawudomeka itara ngo aryubikeko umubebe arishira nyabuna ahaki-rurutse » niko Yezu atubwira.

Umukristu ategerezwa kumurikira no guhindura isi. Umukristu ahamagariwe kuba « Umu-nyu n'umuco w'isi » (Mt 5,13-16).

Bumwe mu buryo bw'uguhindura ibitagenda neza mu gihugu mbre n'uguhindura isi, ni ukuja mu vya politike biciye mu matora, mu kugenwa n'Itegeko ry'Umukuru w'Igihugu canke abandi batware babirekuriwe n'Amategeko y'Igihugu.

Muri iyi nyigisho rero tuja kuraba muri make politike icarico, inyigisho y'Ekleziya kubijanye n'ukuja muri politike twishimikije I-jambo ry'Imana, inyigisho ngengamibano y'Ekleziya, ico Inama Nkurya Vatikano ya kabiri isaba abakristu kubijanye na politike, intererano n'inyifato y'umukristu muri politike n'intamayi z'umukristu muri politike.

I. Uruhara rw'umukristu w'umukatolika mu buzima bwa politike.

1. Indangurakintu y'i-jambo «politike».

Ijambo « politike » rifise insiguro nyinshi bivanye n'aho rikoreshejwe :

- Muri rusangi :

Ingene ibikorwa vya Reta, ivy'ikibano canke umugwi w'abantu bitunganijwe, bibungabunzwe n'ingene biyobowe.

- Imbagarabwonko n'ivi-gwa vy'imibano :

Uburyo bwo kuyobora n'ugufata ingingo zituma haba impinduka mu mubano.

Umuhinga Aristote avuga ko politike ari uburyo bw'ukurondera inyungu rusangi.

- Mu vy'inzego :

Inzego ubwazo, amategeko, imigambwe, amatora n'ubundi buryo bwose bw'ugutwara bu-tegekanijwe mu gihugu.

- Mu mahinguriro n'ingene atunganjwe : imigambi n'amategeko vyashinzwe kugira abantu bashikire ihangiro bihaye (politike ijanye n'ivy'akazi n'abakozi).

Mu majambo make « politike » nk'uko ururimo rw'ikigreki rubisigura ni ico cose kiraba abanya-ghugu.

2. Politike muri Bi-bliya.

a) Mu Bwuzure bwa kera.

Umuntu yaremewe kubana n'abandi, ntiyaremewe kubaho yiganze kuko abayeho gutyo nta-ho ashobora kwishikana no mu Kirundi tugira duti: « Kamwe ni ubusa ».

Imana irema Eva yari yabyonye ko Adamu ata kintru na kimwe kimuryohera n'aho ataco yari abuze. Imana yahaye umuntu uburenganzira bwo kuganza isi n'ivyo yaremeye ni ukuvuga kubibungabunga neza n'ugushira imbere ya vyose inyungu rusangi. (Amamuko 1, 26-28).

Umuntu yaremewe kandi n'ukuja muri politike.

Mu Bwuzure bwa kera, Musa ni we tubona nk'akarorero k'umurongozi mwiza mu vya politike, yayoboye igihugu c'Israyeli amurikiwe n'Imana. Yayoboye igihugu c'Imana akurikije Amategeko ahawe n'Imana (Ihunguka 18, 13-27). N'abami b'Israyeli bari

bafise ubutumwa bwo kuyobora igihugu baku-rikije ubutungane n'ugukingira impahazwa, abatobato (Izabuli 72).

b) Mu Bwuzure bushasha.

Yezu Kristu arigisha uburyo bushasha bw'u-gutwara : si uguka-ndamiza abantu, si ugutwaza igikenye, ni ugu-sukurira abandi.

Inyuma yaho bene Zebede Yakobo na Yohani basabiye Yezu ko umwe yoja i buryo uwundi i bubamfu bwiwe, abandi icumi vyarabababaje baja mbere no mu vyo kubagirira umwikomo. Yezu yababwiye ati : « Murazi ko abitwa ngo baratwara amakungu bayatwaza igikenye kandi ko abakuru bayo bayakandamiza.

Ariko mwebwe, si uko, ahubwo uwushaka kuba mukuru muri mwebwe arababera umusuku, uwushaka kuba uwa mbere muri mwebwe na we abe umushumba wa mwese ». (Mariko 10,42-45).

Yezu ntiyanka politike, atumirira abantu gutandukanya ivy'intwarz n'ivy'Imana : « Ivya Sezari nimubihe Sezari, ivy'Imana na vyo mubihe Imana » (Matayo 22,21).

Ikibano gifise uruhara uruhe mu gufasha abantu bihereza ibiyayuramutwe? (Ibikurikira)

□ Ubuuvuzi kubijanye n'amagara yo mu mutwe n'inyifato :

Iyo umurwayi yituye i-kigo, abahinga b'inyifato baramvumviriza bakoresheje ubuhinga bwabo bakamufasha kugira ashobore gutahura ibiriko biramubako n'ingaruka bimufitiye mu buzima bwiwe, Bakamufasha kugira ashobore we nyene kumenya ingene atorera inyishu ingorane yatewe no kwihereza ibiyayuramutwe.

Abahinga mu bijanye n'inyifato iyo bariko bariko barafasha umuntu yihereza ibiyayuramutwe, ntibasiga inyuma umuryango wiwe kuko nawo urafise uruhara runini kugira umuntu wabo ave mu ngorane arimwo.

Baregera umuryango wiwe bakawuyagisha bakawusigurira ikibazo umuntu wabo yagize, bakawigisha inyifato i-bereye kugira bafashe umuntu wabo.

Abahinga b'inyifato barashika no ku muhana aho umurwayi aba kugira bamukurikirane neza, kugira kandi uwo muntu abone ko ashigikiwe, ivyo bikamuha inguvu n'ishaka ryo kuva mu ngorane arimwo.

Intambamyi mu gufasha kuvura abantu bihereza ibiyayuramutwe

□ Intambamyi ku bantu bihereza ibiyayuramutwe:

- Abantu banyegeze ko



KANYAMUNEZA Emelyne, Psychologue mobilisateur mw'ishirahamwe ALUMA

bihereza ibiyayuramutwe ;

- Abarwayi dukurikira bafise ikibazo co kuronka ico bakora bigatumba basubira inyuma mu nzira yo gukira

□ Intambamyi mu mi-ryango:

- Ukunyegeza ko umwana wabo yihereza ibiyayuramutwe,
- Ukutihanganira ivyashitse,
- Ukwihetura,
- Bararambirwa

□ Intambamyi mu ki-bano:

- Ikibano kitaratahura akamaro kubufasha bw-abahinga mu bijanye n'inyifato,
- Inyifato zimwe zimwe zo mu kibano zikumira abantu bihereza ibiyayuramutwe,
- Ibiayayuramutwe biguma bigwirirana mu kibano,

- Kudatahura abantu bihereza ibiyayuramutwe bakabagiriza ko ari ubugaba canke indero nke

□ Intambamyi mu bu-

vuzi:

- Kubura imiti imwe imwe kugira dufashe a-barwayi,

- Ikigo co gukurikiraniramwo abantu bariko bararonsa ubufasha;

- Abarwayi badakurikiza impanuro bahahwe n'abahinga,

- Abaza kutwitura bashonje bigatumba bigorana ku bakurikirana neza

Iiyokorwa

- Abantu bihereza ibiyayuramutwe botahura ko bafise ingorane zivurwa baktitura ibigo bijejwe ku bafasha.

- Umuntu wese afise ingorane ijanye n'amagara yo mu mutwe canke ingorane zo kwihereza ibiyayuramutwe twomuhanura kwitura abaganaga kugira bamufashe.

- Dusaba abantu muri rusangi na cane cane mu kibano kudatunga agatoke canke gukumira umugwayi wo mu mutwe canke uwihereza ibiyayuramutwe.

- Dusaba abavyeyi bafise abana bihereza ibiyayuramutwe ko bogerageza bagatahura abana babo, bagakomeza kwihangana, bakongera bagafasha abana babo mungorane barimwo, naho bitoroshe.

- Turasaba abavyeyi kandi, ko mu gihe babonye ko bibagoye, bokwitura ibigo bifise abahinga mu nyifato kugira dutorere hamwe inyishu y'ibibazo bitoroshe baba barimwo.

- Gukomeza imigenderanire myiza hagati y'abavyeyi n'abana naho baba baragize izo ngorane.

- Dusaba leta ko yoshiraho ibigo vyakira bigafasha abantu bakoresha ibiyayuramutwe

- Dusaba Leta ko yofata mu mugongo igashigikira ibigo bimaze kuboneka vyakira bigafasha abantu bamereewe nabi kubera ingarukambi z'ukunywa ibiyayuramutwe.

- Dusaba Leta ko yobandanya gushira inguvu mu kurwanya urudandazwa rw'ibiyayuramutwe

- Twagira dusubire kubamenyesha ko mu kigo citirimwe umweranda Francisko w'i Asizi kiri mw'ishirahamwe ALUMA-PSM twitwararika cane abantu bose bagendana ingwara zo mu mutwe cane cane basanzwe bari ku miti canke abafise akabonge n'ihahamuka tukabafasha kugira bashobore kwiyakira no kubahuza n'imiryango.

Uburenganzira bw'umuryango bwo gukingirwa

Umuryango ni ishimikiro kama kandi kirumara ry'igihugu. Nico gituma umuryango ufise uburenganzira bwo gukingirwa n'igihugu ico ari co cose. Umuntu abishaka arafise uburenganzira bwo gushin ga umuryango.

Urugo ni rwo shingiro kamere ry'igihugu.

Urugo na rwo rushingwa n'umusore n'umwigeme bakwije ibisabwa n'amategeko kandi ata gahato. Ukwabirana niyo nkingi yakwo yemewe n'amategeko. Reta itegerezwa gukingira bidasanzwe ingo n'imiryango.

Uburenganzira bw'umuryango bwo gukingirwa butegekanijwe n'amategeko mpuzamakungu hamwe n'amategeko y'igihugu.

1. Ingene amategeko mpuzamakungu ategekanya ubwo burenganzira.

Uburenganzira bw'umuryango bwo gukingirwa butegekanijwe n'amategeko mpuzamakungu atandukanye :

* Itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu,

* Mu masezerano mpuzamakungu yerekeye uburenganzira bw'abantu mu vyabo no mu vyerekeye itunganywa ry'ubuzima bw'igihugu,

*Mu masezerano ya Afrika yerekeye agateka n'ukubaho neza kw'abana

*Hamwe n'amasezerano ya Afrika yerekeye agateka ka zina muntu n'ak'abenegihugu.

a) *Mw'itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu.*

Umuryango ni wo nkomo y'abantu.

Tabisanga mu ngingo ya 16 mu gace kayo ka 3 kavuga ko umuryango ari wo nkomo y'abantu, ni inkingi y'abenegihugu. Utetegerezwa gukingirwa n'abantu be n'igihugu.

Iyi ngingo iratuma abo vyega bategerezwa gukingirwa kubera ko ari wo nkomo y'abantu.

b) *Mu masezerano mpuzamakungu yerekeye uburenganzira bw'abantu mu vyabo no mu vyerekeye itunganywa ry'ubuzima bw'igihugu*

Urugo ari wo muryango urafise uburenganzira bwo gukingirwa.

Tabisanga mu ngingo ya 23 mu gace ka 1 kavuga ko umuryango ari wo "rugo" ni ryo shingiro kama kandi kirumara ry'igihugu, ni wo gituma umuryango ufise uburenganzira bwo gukingirwa n'igihugu.

Iyi ngingo ibandanya ivuga mu gace ka 4 kavuga ko ibihugu vye gwa n'aya masezerano vyiyemeje gufata iningo zose zikenewe kugira abubakanye bagire uburenganzira bumwe n'ivyo basabwa bimwe

mu gihe cose urwo rugo rwabo ruzobaho. N'igihe vyoshika urwo rugo rugasambuka, abana batetegerezwa gukingirwa uko bikenewe kwose.

c) *Mu masezerano ya Afrika yerekeye agateka ka zina muntu n'ak'abenegihugu.*

Umuryango ni wo nkomo y'igihugu ni yo mpamvu utetegerezwa gukingirwa.

Tabisanga mu ngingo ya 18 mu gace kayo ka mberere kavuga ko umuryango ari intango n'inkomoko y'igihugu. Utetegerezwa rero gukingirwa na Reta ikama yitwararika na ntaryo ivyowumerera neza.

Agace ka 2 k'iyi ngingo kavuga ko Reta itegerezwa kwama ifashe mu mugongo ingo mu mabanga yazo yo kugumya imico ndangabuntu n'imigenzo myiza yeme we n'igihugu.

d) *Mu masezerano ya Afrika yerekeye agateka n'ukubaho neza kw'abana.*

Aya masezerano arerekana ko umuryango ari ryo shimikiro ry'igihugu kandi ko utetegerezwa gukingirwa.

Tabisanga mu ngingo ya 18 ivuga ko Urugo ari rwo shingiro kamere ry'igihugu. Umuryango utetegerezwa gukingirwa na Reta mu gushin gwa no gutera imbere kwavo.

Nk'uko duhejeje kubibona, amategeko mpuzamakungu arategekanya ingene umuryango utetegerezwa gukingirwa. N'amategeko y'igihugu c'Uburundi ni uko nyene.

2. Ingene amategeko y'igihugu ategekanya ubwo burenganzira.

Mu mategeko y'igihugu c'Uburundi, tuza kwisunga ibiri mw'Ibwirizwa Shingiro, mu gitabo c'amategeko agenga abantu n'ingo mu Burundi hamwe n'ibiru mu gitabu c'amategeko mpanavyaha.

a) *Mw'ibwirizwa Shingiro.*

Ingingo ya 19 irinjiza mu mategeko n'amabwirizwa bigenga Uburundi amasezerano mpuzamakungu yerekeye agateka ka zina muntu bwashize ko umukono harimwo itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu, amasezerano mpuzamakungu yerekeye uburenganzira bw'abantu mu vyabo no mu vyerekeye itunganywa ry'ubuzima bw'igihugu, amasezerano ya Afrika yerekeye agateka n'ukubaho neza kw'abana hamwe n'amasezerano ya Afrika yerekeye agateka ka zina muntu n'ak'abenegihugu.

Ni ukuvuga ko ivyavuzwe muri ayo mategeko bijanye n'ubwo burenganzira vyinjiwe mu mategeko n'amabwirizwa

Uburenganzira bw'umuryango bwo gukingirwa

(Bitangurira ku rup.10)

y'Uburundi.

Ingingo ya 30 ivuga iti “Urugo ni rwo shingiro kamere ry'igihugu. U-kwabirana niyo nkingi yakwo yemewe n'amategeko.

Reta irakingira bidasanwe ingo n'imiryango. Abavyeyi basanganywe uburenganzira kama bwo kurera neza abana babo kandi barabitege-rezwa. Mukurangura iringo banga babifashwamwo n'igihugu n'ibisata vyaco.

Urugo n'imiryango mberre n'igihugu cose bitege-rezwa gukingira bimwe bidasanzwe abana bivanye n'uko batarashika mu bigero”.

b) Mu gitabu c'amategeko agenga abantu n'ingo mu Burundi.

Iki gitabu kirategeka-nya gukingira umuryango n'ivyabo. Ingingo y'126 y'ico gitabu irerekana ingene ibijanye no kugura be no kugurisha ivyamatungo y'umuryango bitunganijwe aho ivuga ko abubakanye batavyemeranije bose, ata n'umwe muri bo ashobora :

1° kugwatiriza canke kugurisha amatungo y'urugo, inzu canke itongo ryegukira umuryango, ntashobora kandi kuvyegurira abana bavyaranye n'aho boba bagomba gushinga ingo zabo.

2° kugura amazu canke amatongo yegukira

umuryango kiretsi iyo hari amategeko, amaserano canke umugenzo w'i-kirundi ubitegeka-nya ukundi.

Mu ntumbero yo gukingira umuryango, mu gihe abubakanye batagishobora kubana ariko bipfuza kwahukana, umucamanza agerageza kubumvikanisha.

Tubisanga mu ngingo y'164 ivuga ko mu mu-bonano wa mbere, umucamanza arumviriza be-ne kuburana bonyene mu mwiherero nababafasha kuburana barata-ramurwa.

Araheza akabaha impa-nuro abona ziberye kugira arabe ko basubiza hamwe. Iyo umwe muri bo adashobora na gato gushika aho umucamanza ari, uyo mucamanza aca atora ikibanza co kubumvikanishirizamwo.

Naho abubakanye baba bahukanye, amategeko aguma agerageza gukingira abana b'uwo muryangi.

Bitegekanijwe n'ingingo y'185 ivuga ko uwo ari we boshinga abana, se na nyina babo baguma-na itegeko ryo gucun-gera ingene abana bafashwe n'ingene barezwe bakanabibafashamwo mu buryo bashoboye umuvyeyi atari we areze abana, arafise uruhusha rwo kuja kubaramutsa.

c) Mu gitabu c'amategeko mpanavyaha.

Igitabu c'amategeko mpa-navyaha kiratege-

kanya ibihano kuri uwo wese yagiriwe n'ivyaha bituma imiryango ihungabana nk'ukwabira abagore canke kwabirwa n'abagabo benshi ; ukugoka ku kizira hamwe n'icaha c'uguta umuryango.

Uwagiriwe n'ukwabira abagore benshi canke kwabirwa n'abagabo benshi arahanwa.

Tubisanga mu ngingo ya 553 ivuga ko uwo wese yabiranye biciye mu mategeko agasubira kwabirana rimwe canke kenshi, atarahukanana canke apfakare ahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga ibihumbi mirongo ibiri gushika ku bihumbi ijana vy'amaranga y'amarundi.

Uwagiriwe n'ukugoka ku kizira (ubusambanyi bukorwa hagati y'abavye yi n'ababakomokako, abana n'abo bakomo-kako ; gishiki na gisaza; umusengezana na inasen-ge...) arahanwa nk'uko amategko abitegekanya.

Tubisanga mu ngingo ya 555 ivuga ko umuntu yagiriwe n'ukugoka ku kizira ahanishwa umunyororo uva ku myaka ibiri gushika ku myaka itanu.

Mu ntumbero yo gukingira umuryango n'abawugize, umugabo canke u-mugore ataye umuryango arahanwa.

Bitegekanya n'ingingo

ya 556 ivuga ko serugo canke inarugo ataye urugo ata mvo ikomeye mu kiringo c'amezi abiri kandi agaca yiyonjorora mu vyo ajejwe vyose canke bimwe bimwe ; umugabo ataye umugore kandi azi neza ko yibungenze ahanishwa umunyororo utarenza amezi abiri n'ihadabu riva ku bihumbi mirongo ibiri gushika ku bihumbi mirongo itanu vy'amaranga y'amarundi.

Mu gusozena, twagira twibukanye ko urugo ari rwo shingiro kamere ry'igihugu nico gituma umuryango utegerezwa gukingirwa.

Ugukingira umuryango kwerekeye gukingira abagize umuryango n'iyavabo.

Twabonye kandi ko naho abubakanye baba bahukanye abana batege-rezwa gukingirwa kandi umuvyeyi atari we areze abana, arafise uruhusha rwo kuja kubaramutsa.

Ikindi ni uko uwagiriwe n'ivyaha bibangamira umuryango ahanwa nk'uko igitabu c'amategeko mpanavyaha kibitegekanya.

Uguherekeza irya nyuma Papa Fransisiko yarengutse.

Ku wa 26 Ndamukiza 2025, i Roma, Ekleziya yari iramukanye urubanza rwo gushingurana iteka Papa Fransisiko yari yitavye Imana ku wa 21 Ndamukiza 2025.

Inkuka y'imisa yo kumusabira yahererejwe mw'isengero nkuru yiti-riwe Petero Mweranda iherezwa na Karadinale Giovanni Battista Re akikijwe n'aba Karadinalle, Abepisikopi.

Abaseredoti, abilhebeyima-na, abakuru b'ibihugu n'ama Reta, abaserukira amashirahamwe mpu-zamakungu, amashe-ngero n'amadini ham-we n'abakristu isi-nzi n'isinzi bari baje kumu-herereza.

Bakaba bagaragaje umutima wo gukenguruka ubutumwa yakoze bwo kwegeera no kuremesha abatobato, ukwegera no guhanura abitwa ko bakomeye kw'isi, ukure-mesha ibiganiro bihuza abemera Yezu Kristu n'abaserukira amadini, ugushikiriza ijambu mu nama z'ibihugu vya Rutu-ra kw'isi no gusemerera ngo intambara zihagarare mu bihugu birangwamwo indwano.

Mu nsiguro y'ijambo ry'Imana, Karadinale Giovanni Battista Re, ati: «Ubwo butumwa bwadusigaranye ishusho itazova mu maso yacu, aho ku munsi w'Imana wa Pasika Papa Fransisiko yabonetse mu kibanza co hejuru yama ahezagiriramwo abantu baje gusengera ku ki-banza ca Petero Mweranda.



Akabahezagira akongera akamanuka akabasanga hasi.» Bukeye bwaho a-gaca ashengera.

Yarabaye umusuku ytwararika intama ziwe nkuko Yezu yabisavye Petero ati: « Simoni mwene Yohani, urankunda ku-ruta abo?» Nawe ati: «Ego Mukama, urazi ko nda-gukunda.» Yezu nawe amuha ubutumwa ati : «Ragira imyagazi yanje.»

Ico nico gikorwa kitige-ze gihinduka ca Petero n'abamusubirizi biwe. I-gikorwa busuku cuzuye urukundo rwinshi mu makanda ya Yezu Kristu ataje gukorerwa, ariko yaje gukora no gutanga ubuzima bwiwe ngo abe-re incungu benshi.

Naho yababara kandi afise amagara make mu minsi yiwe ya nyuma, papa Fransisiko yahi-semwo kwitanga wese gushika ku munsi wiwe wa nyuma. Yakurikiye inzira ya Yezu Kristu umwungere mwiza yigura intama ziwe akazi-he-bera ubuzima. Yabikora-nye umwete mwinshi, yegereye intama ziwe. Ekleziya y'Imana yibu-ka ijambu Pawulo mwe-randa yavuze aryereke-

re intambara ko ataho zishikana isi atari kuyi-sambura no kwisambura twebwe nyene. Agasaba ibihugu vya rutura gu-hagarika gukora ibirwanisho, ko ubwo buryo bakoresha bwokoreshwa mu guteza imbere ibihu-gu bikenye no gufasha aboro.

Ntiyahengeshanje gusa-ba kugira ibihugu bishamiranye bishire imbere kubaka no gutsimbataza imigenderanire myiza aho gushira imbere ibi-batandukanya.

Ingingo yafashe yoguto-ra izina rya Fransisiko, kwabaye uguhitamwo intumbero y'ubutumwa bwiwe. Kuba mworo ngo atungishe benshi. Kuba uwegereye intama ziwe, canecane aboro, inyambukira, impunzi hamwe nabakumiriwe n'ikibano. Yarahaye umwanya Mu-tima w'Imana, ngo amu-fashe kuyobora Ekleziya aho Mutima wenyene as-haka kuyishikana muri bino bihe isi igezemwo.

Mu ngendo yagize, cane-cane ku mugabane wa Aziya na Oseyaniya, ya-rakoze ico yama atumi-rrira abakristu, ngo basohoke bashikire abantu cane cane abo twasize ku mpera z'isi mu buzima bwacu.

Amakete yanditse, cane cane Laudato Si, arase-merera asaba abantu bo-se bafise ugushaka ngo bahaguruke bagarukire isi yacu, bayikingire kuko ari inzu twese dusangije.

Mu mutima wiwe w'im-puhe, yarasemerera asa-ba abantu bashira imbe-